Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 31 (9942) 11 август 2023 с. / Рузман 25 МухIаррам 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

# Поздравления

## Уважаемые спортсмены и тренеры, ветераны спорта и любители физической культуры!



Поздравляем вас с праздником спорта и здоровья – Днем физкультурника! Этот праздник объединяет людей различных возрастов, профессий, увлечений – всех, чья жизнь связана со спортом, здоровым образом жизни и физической культурой, всех, кто занимается укреплением своего тела и духа.

Занятия физической культурой делают человека сильным, красивым, смелым, уверенным в себе, формируют волю к победе и целеустремленность.

Казбековский район богат замечательными людьми, посвятившими свою жизнь спорту и воспитавших ни одно поколение талантливых спортсменов. Выражаю всем вам искреннюю благодарность за высокие результаты, достигнутые на различных спортивных соревнованиях, за большой вклад в приобщение молодого поколения к здоровому образу жизни.

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов***

## Уважаемые казбековцы!

*Поздравляем вас с Днём физкультурника!*

За время своего существования День физкультурника стал подлинно массовым праздником, который объединяет всех сторонников спорта и здорового образа жизни, независимо от возраста и профессии.

К здоровому образу жизни активно привлекаются люди разных возрастов – от малышей до представителей взрослого поколения. Наши спортсмены достойно представляют свой район на соревнованиях различного масштаба.

Мы верим, что спортивное движение в районе и впредь будет крепнуть и развиваться, а наши земляки еще не раз уверенно заявят о себе яркими победами и новыми рекордами.

Занимайтесь физкультурой и спортом! Приобщайте к спорту свою семью, друзей и товарищей! Пусть победы сопутствуют вам на спортивных аренах и в повседневной жизни!

***Отдел по физической культуре, спорту, туризму и делам молодежи***

## Уважаемые работники и ветераны строительной отрасли!



Искренне поздравляем вас с профессиональным праздником Днем строителя!

Строитель-одна из самых почетных и благородных профессий. Каждый из Вас вкладывает знания, опыт в улучшение качества жизни земляков. Вашими усилиями наш район приобретает новый облик и это лучший показатель того, что жизнь не стоит на месте.

Ваш труд-залог будущих успехов и процветания района!

В этот замечательный день выражаем вам благодарность за добросовестный труд, преданность профессии и желаем крепкого здоровья, благополучия, успехов во всех начинаниях!

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов***

# Аппараталъул данделъиялда



8 августалда районалъул администрациялда аппараталъул иргадулаб данделъи тIобитIана. Районалъул бетIерасул ишал тIуралев И.И. Шабазовасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал, управлениябазулгун отделазул начальникал, учреждениябазегун организациябазе нухмалъулел, росабазул бутIрул ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана лъайкьеялъул учреждениябы цIияб цIалул соналде хIадур гьариялъул, араб анкьго моцIалда жаниб районалъул бюджеталде налогалгун гьел гурел хайирал рачIинариялъул суалал.

2023-2024 цIалул соналде лъай кьеялъул гIуцIабазул бугеб хIадурлъиялъул бицун кIалъана лъайкьеялъул управлениялъул начальник МухIамадрасул МухIамаев.

*- Районалда лъай кьеялъул 33 учреждение буго: гIаммаб лъай кьеялъул –15, лъималазул ах-16 ва тIадеги лъай босиялъул-2. Гьел киналго идараби, ремонт гьабун, къачIан руго. ЦIалул соналде гьезул бугеб хIадурлъиялъул хал гьабизе, районалъул администрациялъул хIукмуялда рекъон, хасаб комиссия гIуцIун букIана. Гьелъ хIажатабщинаб документ чIезабиялъул, хIинкъигьечIолъиялъе, цIа ккеялдаса цIуниялъе гIуцIун ругел шартIазул, школазулгун, лъималазул ахазул азбаразда ва сверухъ бакIазул бугеб ахIвал-хIалалъул, гьединго котельныял ва лъимал раччулел автобусал хIалтIизари кинаб даражаялда ругелали хал гьабуна. Районалда бугеб 13 школалъулаб автобусалъул техосмотр гьабун буго, киналго ГЛОНАСС технологиялъул системаялде гъорлъе ккезарунги руго.*

*Гьеб кинабго хIисабалдеги босун, комиссиялъ цIияб цIалул сон байбихьиялде 30 учреждение хIадур букIин ва Дубкиялъул гьоркьохъеб, Гъозтала росдал гIаммаб лъай кьеялъул ва Калининаулалда бугеб байбихьул лъай кьеялъул школазда жеги гьарулел хIалтIаби лъугIун гьечIолъи чIезабуна. Киналниги хIужабазда тIасан актал хъвана, бадичIваял гьаруна, ва, цIалул сон байбихьилалде, гьел идарабазда гьарулел хIалтIаби рагIалде рахъинаризе руго,-* ян бицана М.И.МухIамаевас.

Гьелдаго цадахъ, М. МухIамаевас школазда жеги хутIун ругел гIунгутIаби рихьизаруна. Гьезул аслияблъун ккола школал жеги Федералияб компоненталъул 63 ва миллиябгун регионалияб гIицIго 37 проценталъ гурони, хьезарун гьечIолъи. ТIахьазул гIолареб къадар чIезабиялъе министерствоялде заявкабиги ритIун руго. Божи буго хIажаталщинал тIахьал нилъее рачIинилан абуна гьес.

Гьелда тIасан гьабураб кIалъаялда И.И. Шабазовас, тIоцебесеб иргаялда, СВОялда гIахьаллъулезул ва язихъал хъизабазул лъималазе цIалул тIахьал чIезареян лъазабуна.

Экономикаялъул ва социалиябгун цебетIеялъул отделалъун начальник Юсуп Агиевас районалда бугеб социалиябгун экономикияб ахIвал-хIалалъул бицана.

Гьес районалъул бюджеталде налогазулгун налогазул гуреб хайир бачIиналъул мухIканал баянал кьуна. Гьес бицухъе, районалда гIадамазул, промышленниябгун росдал магIишатияб продукциялъул, гIисинал ва гьоркьохъел предпринимательствоялъулаз гьабураб хIалтIул ва цогидалги рихьизариязул къадар, араб соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIалиде данде ккун, гьаб соналъул бащдаб лъагIалиде цIикIкIарал руго. Амма жеги рагьараллъун хутIулел руго ахал гIезариялъул ва бекьулеб ракь хIалтIизабиялъул суалал. Гьединго, Ю. Агиевас ракьул ва буголъиялъул налогал ракIари нахъе ккараблъун хутIулеб бугоянги абуна.

Гьениб И.И. Шабазовас Ю. Агиевас нухмалъи гьабулеб отделалда цере лъуна районалъул бюджеталде налогазул ва налогал гурел хайиразул бачIин цIикIкIинабиялда тIад хIалтIизе ккеялъул масъалаби.

Данделъиялда жеги кIвар цIикIкIараб суалгун кIалъазе вахъана районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтур Рашид Гlамиев. Гьес районалда коралъ унтиялъул 29 хIужа бугилан бицана. Гьелде данде вакцинация гьабиялъул ишги цIакъ нахъе ккеялъул баянал кьуна.

*- ГIадамазда вакцинациялъул кIвараралъул бичIчIен кьолеб гьечIони, иш лъикIаб рахъалде ккезе гьечIо. Гьединлъидал лъайкьеялъул идарабазул нухмалъулелгун ва рухIиял церехъабигун цадахъаб хIалтIи хIажат буго,-*ян абуна Р. ГIамиевас.

Ахиралдаги, финансазул управлениялъул начальнакасул ишал тIуралев Асад МухIамадхIабибовас цогояб порталалда бюджеталъул ахIвал-хIалалъул баянал цIакъ къадарго гурони, лъолел гьечIолъиялъул бицана. Гьеб, аслияб къагIидаялда, росабазул бутIрузда бараб бугиланги абуна. ХIажат буго, къокъабго заманалда, гьеб гIунгутIи тIагIинабизе, гьелъие кумек гьабизе управлениялъул хIалтIухъабиги хIадур ругилан тIадеги жубана гьес.

Данделъиялда гьоркьор лъурал суалал рича-чвана ва рекъон кколел хIукмаби гьаруна.

***Ибрагьим Идрисов***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гьум. 2 Санитарка ПатIимат
гьум. 3 Пишаялде цIикIкIараб рокьигун
гьум. 4 Напоминание

# Лъимал рази хутIана

Рии ккола лъималазул рахъалъ ургъел кIудияб заман. Бащдаб къоялдаса-ги цIикIкIараб заман лъималаз школалда балеб букIун батани, риидал гьезие хIалхьиялъе тIубараб къо щола.

Лъималазе пайда цIикIкIараб къагIидаялда риидал хIухьбахъи гIуцIизелъун хIукуматалъ гIемерал программаби гIумруялде рахъинарулел руго. Гьезул цояб ккола «2023 абилеб соналъул риидал районалъул маданияталъул центраз балугълъиялде рахинчIезе хIалхьи ва ракIгьеялъулал тадбирал тIоритIиялъе комплексияб план». Гьеб мурадалда районалда школлъималазе 2 сменаялда риидалил лагералги хIалтIизе риччан рукIана.



Гьеб планалда рекъон, ИчкIа росдал культураялъул рукъалъул хIалтIухъабаз культураялъул Централъул специалисталгун жеги школалде унарел лъималазе хIаялъулгун къецазулаб программаялда ракIгьеялъулаб тадбир тIобитIана. «Бакъ» лъималазул ахалъул гьитIичазухъ гьоболлъухъ букIана ГIанкI-аниматорги. Гьелда цадахъ гьел кьурдана, кучIдул ахIана, хIаял тIоритIана, къецазулъ гIахьаллъана. Гьезул зирхараб релъиялъги талихIалъул цIурал гьурмазги, багIариялъухъ балагьичIого, къецазулъ бергьине таваккалалъги киназулго тадбиралдаса разилъи бихьулеб букIана. Гьеб тадбир бажариялда хIадурун бугоан ИчкIа росдал СДКялъул художествияй руководитель Дайгьанат Хасаевалъ.



Гьединабго тадбир Гертма росдал «Лачен» лъималазул ахалъул гьитIичазеги тIобитIун буго. Гьезухъе гьоболлъухъе щун букIана аниматор-цидул тIинчI Тедди. Гьебгун цадахъ рачIарал тIоритIулел ракIгьеялъулгун спортивиял къецазда лъималаз жигараб гIахьаллъи гьабуна. КIудияв шагIир Расулил соналда хурхинабун, культурияб рукъалъул художествияй руководитель Тайбика Зираловалъ гьесул кучIдул рикIкIиналъул флешмобги тIобитIана. ***Динара Батиева***

# Рехсезе мустахIикъал

Аби буго, тIоцебесеб иргаялда, тохтурасул, хадуб гьесда сверухъ ругел медицинаялъул цогидал хIалтIухъабазул унтарасдехун бугеб берцинаб бербалагьиялъги хIеренаб каламалъги гьесул сахлъи букIинабиялда тIад гьабулеб хIалтIул цIикIкIарасеб рахъ кколилан.

Цоги аби буго бихьарасда гурони, унгояб хIакъикъат бичIчIани, тамаша бугиланги. Гьел умумулъанго рачIарал абиял ритIухъаллъун кколел рукIин дида бичIчIана, нилъер районалъул централияб больницаялъул терапевтическияб отделениялда егизе ккедал.

Отделениялде жание лъугьарабго, гьениб бихьулеб букIараб рацIцIалъиялъ, гьабураб дандчIваялъ дир рекIелъ букIараб рахIатхвей тIубанго щущазабуна.

Рехсараб отделениялъе нухмалъулев, тохтур МухIамадрасул МухIамадшариповгун ккараб гара-чIвариялдасан дида бичIчIана дир унти нахъчIваялъе гьениб кинабго хIажатаб букIин ва дир сахлъи букIинабиялда тIад лъикI хIалтIизе рукIин.

Гьедин ккезеги ккана. Щибаб къойил, къаси-къад батIалъи гьечIого, тохтурги, кIудияй медсестраги киналъулго цIех-рех гьабизе ва хIажалъи ккараб бугищан тIаде щолаан. Гьеб отделениялъул медсестрабазги тIаде щун гьаризе ккolел процедураби жиндир заманалда гьарулаан. Палатаялъур цадахъ регун рукIаралги цIакъ рази рукIана. Узухъда, гьеб киналъго квербакъана къокъаб заманалда сахлъи рукIалиде ккезабизе.

Бокьун буго, тIоцебесеб палатаялда регун рукIаразул рахъалдасан, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе МухIамадрасул МухIамадшариповасе, кIудияй медсестра Маржанат Нуцаловалъе, медсестраби Упа Шапиевалъе, Написат Джаватхановалъе, Муъминат Агъабеговалъе, гьединго санитаркаби Упият Таймазовалъе, Загьират МухIамадгъазиевалъе, Асият ХIажиевалъе ва богогьан Таслият МухIамадхIабибовалъе.

Гьаризе гьезие щулияб сахлъи, рохел, талихI ва гьарулел ишазулъ кидагосеб битIккей.

Аллагьас кIиябго рукъалъул талихI кьун рохаги! ***Меседо ХIайбаева***

*Инсан ва гIумру*

# Санитарка ПатIимат




Нилъеда гьоркьор гIезегIанал гIадамал руго, хасго чIахIиязда, жал рихьизе, жидехъ гIенеккизе бокьулел. Рохалил яги ургъалил параялъ гьезие чучани, гьелгун гьел рикьани, дунял гвангъараблъун лъугьуна ва чорхолъе кинабалиго, бичIчIинецин захIматаб тIутIлъи рещтлуна. Гьединазул цояйлъун, ракIчIун абизе кIола, Калининаул росулъа ПатIимат Сираждинова ккола.

Цебегоялдаса дие бокьун букIана гьейгун дандчIвазе, амма кинго рекъей кколеб букIинчIо. Ахирги, пикрабалъ женжедулеб букIараб анищ тIубазабизе дие рес щвана ва дун гьейгун дандчIвана.

Гьелъул рукъоб букIараб хасаб, ракI тIаде цIалеб, ригь аразе гурони, хасиятаб гьечIеб ракIа-рахариялъ, хIажалъи ккараб квер бегьаралъубго батулеб букIиналъ ва цогидалъ бицунеб букIана рукъалъул бетIергьанчIужуялъе киналъулго гIадлу-низам бокьулеб букIиналъул ва гьей гьелда тIад чIолей йикIиналъул. Гьеб кинабго бихьидал, дида ракIалде щвана цебего дида кIочонтун букIарабин абизе бегьулеб, умумузул рукIа-рахъин, гIаданлъи ва рагьараб гара-чIвариялде цIалеб чIаголъи.

Дир мурад бициндал, ПатIиматица абуна: «*БатIаго дир хIакъалъулъ щиб хъвалеб, доб заманалда дун гIадинал гIемер рукIана*»,-ян. Гьезул хIакъалъулъ хъванги хъвалебги бугоян дица абидал, гьей дагьалъ гIодой йиччана.

Жиндир пикраби данде ракIарулей кинниги, цодагьалъ юцIунги чIун, гьелъ бицана: «*Дун гьаюна 1936 соналъ Алмахъ росулъ. Росдал цогидал лъималаздаса батIияблъун дир гIумру букIинчIо. Ниж гьитIинго ругьун гьарулаан рукъалъул магIишаталъул цояб рахъ ккеялде. Узухъда, заман букIана захIматаб, ретIизе ретIел, кваназе квен мукъсанаб. Бугониги, гIадамал рукIана ракI гIатIидал, цоцазе кумекалъе рахъине хIадурал, гIаданлъи, яхI-намус цIикIкIарал, аваданал, кьокъгьабун абуни, гIемерго сахаватал. Доб заманалда цIикIкIунисеб хIалтIи кверaз гьабулаан. Къоялъ хIалтIарал гIолилаз къаси-къаси тIоритIулаан гьастIабакIал ва цогидалги хIалтIигун ракIгьей гьабулел данделъаби. Рагъ байбихьараб заманалда, гьитIинай йигониги, дида бичIчIунаан лъугьунебщинаб. ЦIикIкIунисел бихьинал рагъдеги ун, кинабго хIалтIи тIад бегана херазул, руччабазул ва лъималазул кIигъуждузда.*

«*Кинабго -фронталъе, кинабго-бергьенлъиялъе» ахIиялда гьоркь, киналго къасиги-къадги хIалтIулел рукIана. Тамаша, кигIан бицаниги, бихьичIезда гьеб бичIчIунеб батани. КиналдегоtIаде ниж гочинаруна гьанжесеб Калининаулалдеги. Рагъ лъугIиналъул рохалиде жубана ракъиялъул балагь. Дол соназ гIемерал гIадамал ракъуца хвана. Гьеб кинабго ракIалдецин щвезабизе бокьуларо, амма гьелдаса кире рорчIилел, херлъараб заманалда пикрабаз бихьараллде цIачIого толарел руклун руго.*

*Гьеб букIана 1952 сон. Дун амбулаториялде санитаркалъун хIалтIизе йосана (дир 7 класс лъугIун букIана). 1954 соналъ МухIамадхан Сираждиновасги дицаги хьизан гIуцIана. Техника дагьаб, къаси-къад хIалхьи гьечIеб хIалтIиги рукъалъул магIишатги цадахъ бачине, узухъда, бигьаяб ишлъун букIинчIо.*

*Амма дунгун цадахъ рукIараз дие гьелъие къуват кьолаан. Алмахъазда цIакъ лъикI лъала 1952 соналъ Калининаулалде фельдшерлъун хIалтIизе ячIарай гIурусай Анна (Аня). Иш лъалей, гIаданлъи, яхI-намус цIикIкIарай, жинда щибниги гIайиб чIвазе бакI букIинчIей гьей, бакIалъул гIолилаcеги ун (Палихан Гьиринов) даималъ гьанийго чIана. (Гьелъул цIар кьуна росдал медпунктальe). ХIалтIуда гурелги ниж дандчIвалаан, цоцазухъеги хьвадулаан. Дун гIемерал медицинаялъул хIалтIухъабигун дандчIвана ва дида гьезие хъулухъ гьабулаан. Гьел рукIана лъай бугел, гIаданлъи цIикIкIарал гIадамал. Гьезда гьоркьор рехсезе дида кIола АхIмад (бетIерав тохтур, лъарагIав), ГIабдурахIман (бетIерав тохтур), рос-лъади гуржиял (цIарал кIочон руго).*

*Гуржияз дида абуна тохтурлъун цIализе айилан, жидеца кумекги гьабилилан, амма дир гьелъие рес букIинчIо, херай эбел хьихьизеги рукъалъул магIишат бачинеги ккоlаан. Кинго кIочонаро, гьеб букIана Шайихмухlамад Джансуев росдал Советалъул председательлъун вугеб заман, лъимер гьабизе ругел руччабахъа, роддомалде рачIинин абун, расписками росулеб рукIараблъи. Гьел регизе бусабиги гьечIого, гьезда гьоркь хьутI тIобитIулаан. Лъимаде ругезухъе рукъоре щвезеги гIемер унаан. Кьокъгьабун абуни, рукъоб гьабулелдаса къватIибехун гьабулеб хIалтIи гIемер букIана. Нижеца 6 лъимерги гIезабуна. Нижер цояв вас армиялда гIумруялдаса ватIалъана. Щиб гьабилеб, Аллагьас гьедин хъван букIун буго. Цогидал лъимал жиде-жидер магIишатазда руго.*

*Гьеле, СалихI, дир гIумру гьединаб букIана. РакI бохула цадахъ хIалтIизе лъикIал гIадамал ккеялдаса. Нижеца рохелги ургъелги цоцазе рикьулаан, гьелъул бигьалъиги букIунаан. Сундуего букIуна гIорхъи, ва нилъеде щвезегIанги гьедин бачIун буго. БачIана дицаги хIалтIи толеб заман. Бугониги, цадахъ хIалтIулел рукIаралгун дица бухьен къотIизе течIо, дун гьезухъе щолаан. Аллагьас кьураб гIумруялдаги (26 февралалда дир 87 сон тубана) гьелъулъ рукIарал лъугьа- бахъиназдаги дун рази йиго. Аллагьас лъикIаб хъван батаги*»,-ян.

**ХадурагIи**

Гара-чIвариялъул цIикIкIунисеб заманалда ПатIиматица цадахъ хIалтIулел рукIаразул бицунеб букIана. Гьеб мехалъ гьелъул гьурмаде рехулеб кунчIиялъ, хисараб гьаракьалъ бихьизабулеб букIана гьез гьелъул рекIелъ гьваридаб, кIочен гьечIеб лъалкI тун букIин. Цоги, гьелъулъ бихьулаан ПатIиматил рекIел чIухIиялъул, цогидаздаса тIокIлъи загьир гьабиялъул ва жийго тIадегIан гьайиялъул хасиятал гьечIеблъи.

Дида лъай батаралдаса ПатIимат, фельдшер Анягун, медсестраби ХIуриятгун ва Раисатгун цадахъ, хIалтIулей йикIана. Киназдаго лъала хъахIаб халгIат ретIарал кигIаналъ лъималазе рокьуларелаи, амма гьезда бажарулаан гьезул ракIалъе нух батизе. Гьединго, ПатIиматил кIудияб махщел буго гьуинал кванил нигIматал хIадуризеги. Дагьал тIаде рачIараз, бакIалъул гIадамаз гуреб гьезул хIал бихьараб, 87 сонил гIумру нахъа таниги, жакъаги ПатIимат чияр кверaлде ккун гьечIо. Кьурал къоял ахиралде щвезегIан, Аллагьас гьей лъикIай гIадан сахлъиялдаги теги.

Гьеле, гьединай йиго гIемерал соназ, росдал гIадамазе гуребги,цогидазеги хъулухъ гьабурай нижер ПатIимат. ***СалихI СалихIов***

*12 август-физкультурникасул Къо!*

# Пишаялде цIикIкIараб рокьигун

Жакъа пачалихъалъе кIвар цIикIкIараб суаллъун лъугьун буго гIадамазул сахлъи цIуниялда тIад хIалтIи. ГьелъиегIоло гIуцIула гIемер батIи-батIиял программаби, къецал, фестивалал ва цогидабги. Жив-жив инсанасеги жиндирго сахлъи цIуниялда тIад хIалтIи аслияб ишлъун лъугьун буго. Гьанже нухда гIемер дандчIвала рекерулел, лъелго унел, сахлъиялъе заралияв жал кваназе инкар гьабулел. ГIадамазул сахлъи цIуниялда тIадчIей гьабиялъул рахъ пачалихъалъ бищаралдаса гIасруялдасаги цIикIкIараб заман буго. Гьелдаса нахъе цохIониги нухалда гьелдаса нахъкъанги гьечIо. Гьелъие гIоло 1939 абилеб соналдаса нахъе физкультурникасул къоги чIезабун буго. Гьеб гIицIго спортсменазул кьо гуро, гьеб кIодо гьабула церехун рехсаралщинал кинабгIаги спорталъулгун ва физкультураялъулгун бухьен бугел гIадамазги.

Исана гьеб байрам 12 августалде ккола. Гьелда хурхун, нилъер районалдаги батIи-батIиял тадбирал тIоритIизе руго (гьезул хIакъалъулъ нижеца газеталъул хадусеб номералда хъвала). ГьабсагIат дир къасд ккана нилъер районалъул спорталъул тарихалда хасаб лъалкI тарал ва гьеб мухъилъ жеги хIалтIулел ругел ГIиса МухIамадтIагьировгун ва Аляса Алясаевгун дандчIвазе.

Лъиениги балъголъи гуро, нилъер район спорталъул рахъалда кутакалда бечедаб букIинги, гьелъие квербакъулел цIакъ гIемер рукIинги. Газеталъул гьурмаздасан гьабулеб реццалъе гьел киналго мустахIикъал руго.

Полилазда гьоркьоб физкультурагун спорт цебетIеялъе хIалги гIумруги кьолев вугин абизе бегьулев Дилим росдал лицеялъул мугIалим ГIиса МухIаммадтIагьировасдасан байбихьизин бицен.



**ГIиса ГIабдурапилович МухIаммадтIагьиров** гьавуна 1968 соналъ Дилим росулъ.

1985 соналъ гIагараб росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, гьев Хасавюрт шагьаралда бугеб педагогикияб училищеялде лъугьана.

Гьениб цIали лъугIиндал, армиялда хъулухъги тIубазабун, 1990 соналъ ГIиса росдал гьоркьохъеб школалде хIалтIизе лъугьана, ва жакъа къоялде гьенивго хIалтIулев вугелдаса 33 сон гIолеб буго.

Жиндир гIумруялъул бищунго лъикIаб заман гьеб бугин абула ГIисаца. ЦIакъ хIалуцараб гIумру буго гьесул. Жиндирго цIалдохъабигун гьев гIемерал конкурсазда, фестивалазда, лъималазе патриотикияб тарбия кьолел тадбиразда гIахьаллъана, ва киналниги къецаздаса призаллъулал бакIалгунги тIадвуссана.

Дилим росдал лицеялда ГIиса МухIамадтIагьировас лъималазе патриотикияб лъай кьеялъеги кIудияб хIалтIи гьабулеб буго.

*«Учителасда тIадаб жо буго лъималазулгун мацI бати, кколеб нухда гьел рачун бажари ва гьезие мисалиявлъун вукIин. Гьебмехалда гьеб хIалтIи щибго захIмалъуларо»,*-ян абуна ГIисаца.

Дица абила, кинаб ригьалъул вугониги, учитель лъималазе божарав гьудуллъун вукIине ккола, гьеб мехалда лъималазги учителасул къиматги гьабула, гьесул дарсиде гьираги букIуна.

Гьединавлъун вуго ГIиса МухIамадтIагьировги.

Лъималазде ва жиндир пишаялде бугеб рокьиялъ, цIалдохъабигун гьабулеб хIалтIиялъул хIасилазда лъун, гьев районалъул ва республикаялъул шапакъатазе чанго нухалда мустахIикълъана.

Гьелда хурхун, ГIисаца абуна:

*«Учитель киданиги лъугьине бегьулеро шапакъатазда хадув, гьесул тIоцебесеб мурад унгояб лъай жиндир цIалдохъабазухъе щвей букIине ккола»,*-ян.

Дир макъалаялъул кIиабилев герой районалъул спортшколалъул гIолохъанав тренер Аляса Алясаев ккола.

**Аляса Абусаидович Алясаев** гьавуна 1991 соналъ Дилим росулъ.

2009 соналъ гIагараб росдал школаги лъугIизабун, байбихьана Дагъистаналъул пачалихъияб педагогикияб университеталда цIализе.

Жакъа къоялда Аляса Муса ГIазаевасул цIаралда бугеб спортивияб школаялда футболалъул тренер ккола.

Щай гьес футбол тIаса бищараб ва кин гьедигIан кутакаб рокьи гьелде бижарабилан абураб суалалъе гьес гьадинаб жаваб кьуна:

*«Жеги гьитIинго, цогидал лъималгун къватIахъе торгIо бацIизе вахъаралдаса, футболалде рокьи дир хасаб букIанин абизе ккола. Щивасда лъалеб батила, авал-аваллъун гIурдаллъабазда футбол хIалеб заман. Жакъа гIадал, кинабго рекъарал футболалъул площадкабиги ругел анищан ракIалдецин кколароан. ТоргIо бацIизе щвеялдаса кIудияб рохел букIинчIин нижеран абуни, мекъи букIунаро. Гьелъ батилилан ккола дир рекIелъ футбол бессун бугеб.*

*Футболалъул тренерлъи дица тIаде босана 2021 соналъ, ва жакъа къоялдаги гьеб пишаялда гьираялда хIалтIулевги вуго. Дирго бажариги лъайги гIолеб гIелалъухъе кьезе щвеялдаса дун цIакъ рази вуго»,*-ян.

Щибаб хIалтIулъ рукIуна хасал захIмалъаби, амма Алясаца бицунеб буго, инсанасе жинцаго гьабулеб хIалтIи бокьулеб бугонани ва ракI-ракIалъ гьеб гьабулеб бугонани, захIмалъаби гьесда дандчIваларилан.

Амма тренерасул хIалтIулъ бигьаяб иш гуро щибаб лъимералъул рекIелъе нух бати. Жиндихъе рачIунел 20-30 лъимадуе хабар бицин ва гьезулгун ргIи рекъезабун бажаранани, гьев вугилан абизе бегьула унго-унгояв тренер ва лъималазе мисалияв инсан.





Алясаца бицунеб буго, жиндир анищ ва мурад бугила кIванагIан гIемераб къадар лъималазул, гIолохъабазул спорталде цIай ва гьел гьенир церетIей.

РакIбацIцIадго гьабулеб хIалтIухъ Аляса батIи-батIиял шапакъатазе мустахIикълъана. Гьесул гIисинал спортсменаздаса гIуцIараб футболалъул командаялъ гIемерал бергьенлъаби росана.

Полилазда ва коллективалда гьоркьов Алясаца живго вихьизавуна кутакалда къиматав, спорталъул мухъилъ цеветIурав ва берцинаб гIамалалъул инсанлъун. Гьелъ батила улбуз гьесухъе футбол хIаялъе ругьунлъизе жидер лъималги ритIулел.

# ГIумрудул соназул свин гьечIеб чирахъ

*ГIумрудул сонаца свакарал лугбал*
*Свин гьечIел чирхъаллъун кенчIолел руго,*
*Къисматалъул нухда хъахIлъарал расал*
*Росдал баракатлъун хутIулел руго*

***МахIмуд ДавудхIажиев***

Руго цо-цо гIадамал, жидер гIумрудул нухда халкъалда киданиги кIочонареб лъалкI тарал, цо-цоял ракьалда рижаралго щай абураб пикру ккезабулелги руго.

Цо-цо чиясул къисматалде раккидал, нилъеда бихьула гIажаибаб тарих, гьадав инсан Аллагьас халкъалъе пайдаялъе вижунго ватулилан ракIалдеги ккола.

Гьединав инсан вуго ИчIкIа росулъа Камил Пайзулаев. Гьевги гьесул ишалги лъаларев чи ичIкIаязул росу тун къватIир гIумру гьабулезда гьоркьорцин гьечIин абуни, мекъи букIинаро.

Камилица жиндир тIубараб гIумруялъ тIуралел рукIанилан абизе бегьула росдал къваригIел, росулъ тIоритIулел данделъабаздаги гьарулел хIалтIабазулъги Камил кидаго цебесеб кьерда вукIуна.

Гьеб бицен ргIидал, Камилгун дандчIвазе ва гьесул гIумру ва къисмат дагьалъги мухIканго лъазабизе дир гьира ккана.

Камил Пайзулаев гьавуна 1958 соналъ ИчIкIа росулъ. 1976 соналъ росдал школалъул 10 класс лъугIизабуна. Цинги, шоферасул махщелги босун, ВатIаналъ тIад лъураб налъи тIубазе армиялде ана, ва 1979 соналъ тIадвуссана гIагараб росулъе ва байбихьана колхозалда хIалтIизе.

1990 соназ, хIукумат биххун хадуб, киса-кирего халкъиял фронтал гIуцIулаго, росдал фронталъул нухмалъулевлъунги Камил вукIана.

*«1997 соналда, киназдаго рагIун букIун батила, ахIи бан хIалтIуде ине нухде рахъарал нижер росулъа милициялда хIалтIулел гIолохъаби законалде данде кколарел ярагъ гIуцIараз рачун ини, гьезда гьоркьов дир вацIалги вукIана. Гьеб мехалъ, росдал жамагIаталъул церехъабигун гIолохъаби ругеб бакI лъазабиялда ва гьел тIадруссинариялда тIад дунги хIалтIана. ТакъсирчагIигун рагIи рекъезабизе цIакъ захIмат букIана. Кин бугониги, гIолохъаби нахъруссинаризе нижеда кIвана»,*- ян бицана Камилица.

Гьел гIолохъаби тIадруссинегIан, Камилил рекIее хIалхьи щвечIилан бицуна росуцояз. Гьев цо чанго нухалда ун вуго гьел тушбабигун кIалъай гьабизе, гьезухъ ругел нилъер гIолохъабазе квентIех щвезабизе. Бищун кIудияб рохел гьесие хъизабазухъе гьел гIолохъаби щвезари букIана. ХIалтIуе киданиги кIвахI гьечIев чи вуго Камил. Гьелъие нугIлъи гьабула гьесул ишазул кIудияб сияхIалъ ва росуцоязул биценаз.

ЦIакъ бечедаб буго гьесул захIматалъул нухги. Гьев ЧIикIаб ГЭС балелъув, Болъихъ газ бачунелъув, росдал батIи-батIиял жамгIиял хъулухъазда хIалтIун вуго. Мажгит-мадрасаялъе гIарац бакIарили, ритIухъав ва ракIбацIцIадав инсан вукIиналъ, гьесда тIадкъалаан. Басрияб росулъ гьесул кумекалдалъун мажгитги цIи гьабуна. Гьеб мадрасаялда цIалулел росдал лъималазул ва гьезул улбузул Камилица АллагьасдагигIадамаздаги цебе гьабулеб цIикIкIараб пайдаялъул ишазул хIакъалъулъ бицен къотIулеб гьечIо.



*«Нижер кIудияб хъизамалда микьго лъимадул бищунго кIудияв дун вукIана. Ниж жеги гьитIинго рукIаго, къадаралде щвана нижер эмен, ва гьелдаса хадуб, хъизамалда хурхараб кинабниги захIматаб хIалтIи дида тIаде кканилан абизе бегьула. Гьелъ батилилан ккола дида дун гьаб захIматалде ругьун гьавурав»,*-ян бицуна Камилица.

Нахъа тарал саназул бицунеб мехалда, Камилие цебесеб ва гьанжесеб гIумруялъул данкквей гьабизе цIакъ бокьула.

*«Дица гIумруялда жаниб гьадинаб жоялъул хIисаб гьабуна. Чанги къварилъи бихьарав чиясда, дагьабниги бигьалъи щведал, доб цебесеб кинабго кIочон тола. Хадуб цо дагьабниги захIмалъиялде ккедал, цIакъ гIарзахуна»,*-ян абуна Камилица.

Жакъа къоялда гIузрабаца къвал жемун рокъов вугонаниги, росдал гIолохъанаб гIел КамилихъегIакълуги дандбазе магIнаяб каламги рагIизе бачIуна. Гьевги кидаго вохарав вуго гьезулги, гьел тун, цогидалги къабул гьаризе ва тIолгоязул хIажат тIубазе.

Камилица ва гIумрудул гьудул Зугьайбатица, лъикIаб тарбия кьун, гIезабуна ункъо лъимер. Дица цебе рехсовухъе, Камилил кутакалда цIикIкIараб гьира букIуна диналъул нухда гьарулел хIалтIабазулъ гIахьаллъизе. Инсул гьеб рахъалде бугеб рокьул бутIа щварав гьитIинав вас Халид Кайтаг районалъул рухIияб идараялъул нухмалъулевлъун вугев. Инсул хIакъа- лъулъ бицен гьабидал, Халидица абуна:

*«Эмен дие кидаго вукIана бихьинчиляъул, ритIухълъиялъул, къучIаб гIамалалъул мисаллъун. Щиб кканиги, тIоцеве дун щола гьесухъе, ва цого-цо гьесухъ ратула дир киналниги суалазе жавабал»,*-ан.

Гьединаб пикру цого цо Халидил гуронги, Камилил киналниги лъималазул буго, ва гьеб бугилан абила дица бищунго кIудияб бечелъи ва хазина, щивасе жиб щолареб ва анищан ккараб.

***Гьумер хIадур гьабуна МахIмуд ДавудхIажиевас***

# Межрайонная ИФНС России №17 по Республике Дагестан информирует

Межрайонная ИФНС России №17 по Республике Дагестан информирует о получении налоговых уведомлений и требований об уплате задолженности по налогам через личный кабинет на едином портале государственных и муниципальных услуг (ЕПГУ).

Так, Федеральным законом от 14.04.2023 № 125-ФЗ «О внесении изменений в часть первую НК РФ» с 01.07.2023 предусмотрена возможность получения налоговых уведомлений для уплаты налогов на имущество и НДФЛ, а также требований об уплате задолженности по налогам налогоплательщиками-физическими лицами в электронной форме через личный кабинет на ЕПГУ.

Получение через ЕПГУ указанных документов налоговых органов возможно при соблюдении двух условий:

- налогоплательщик должен быть зарегистрирован в единой системе идентификации и аутентификации на ЕПГУ;
- налогоплательщик направил через ЕПГУ уведомление о необходимости получения документов от налоговых органов в электронной форме через ЕП

Пользователь ЕПГУ сможет оплатить начисления из указанных документов онлайн, при этом налоговые уведомления и требования об уплате задолженности не будут дублироваться заказными письмами по почте, кроме предусмотренного пунктом 2 статьи 11.2 НК РФ случая.

Воспользоваться возможностью получения налоговых документов через ЕПГУ можно в любой момент вне зависимости от наличия доступа к личному кабинету налогоплательщика.

Для прекращения получения документов от налоговых органов через ЕПГУ налогоплательщик-физическое лицо вправе направить через ЕПГУ соответствующее уведомление.

# Как зарегистрировать онлайн-кассу в налоговой




С момента вступления в силу 54-ФЗ требования к продавцам с каждым годом увеличиваются. В 2022год, кроме покупки и регистрации техники в ФНС, нужно приобрести кассовую программу. Она необходима для выполнения новых требований к печати чеков.

Установив приложение «Касса Мой Склад», исчезает необходимость регулярного мониторинга изменений в законах, т. к. программа выполняет все установленные требования и автоматически обновляется при вступлении в силу новых поправок.

С кассовой программой легко сочетаются популярные модели фискальников. Работайте на любом устройстве с Windows, Linux, Android и iOS. Скачайте и попробуйте прямо сейчас: это бесплатно.

Обязательство по постановке на учет онлайн-кассы в налоговом органе закреплено в статье 4.2 54-ФЗ. Практически все продавцы, которые принимают наличную или безналичную оплату от физлиц, обязаны проходить, как регистрацию, так и перерегистрацию техники.

Кроме этого необходимо заключить договор с оператором фискальных данных, в процессе работы именно он будет передавать ваши данные в налоговую. Перечень этих посредников закрытый, его утверждает ФНС.

Также на этапе подготовки нужно выбрать кассовую технику, которая будет соответствовать всем последним требования 54-ФЗ.

Убедитесь, что выбранная вами модель находится в реестре онлайн-касс, который размещен на сайте ФНС. Там же можно уточнить, подлежит ли модернизации определенная модель ККТ.

После выбора ОФД и кассовой техники нужно подготовить документы. Есть несколько способов для осуществления регистрации кассы:

- удаленно через личный кабинет налогоплательщика в интернете;
- лично предоставить документы в налоговую по месту учета;
- передать бланки через представителя по нотариальной доверенности;
- отправить почтой заказным письмом с описью вложения.

Процедура регистрации ККТ обязательна, поэтому налоговая выполняет ее без уплаты каких-либо пошлин. Платные посреднические и консультационные услуги могут оказывать сервисные центры по обслуживанию кассовой техники или ОФД.

Как правило, они выбирают самый простой и быстрый способ регистрации- в специальном разделе личного кабинета налогоплательщика на сайте nalog.ru.

При удаленном способе не нужно распечатывать и заполнять какие-либо бумажные заявления. Во время заполнения электронной формы многие ошибки исключены, т.к. программа не дает их совершить.

Регистрацию онлайн-кассы можно пройти лично обратившись в налоговую службу, либо удаленно, сэкономив время.

# Напоминание

**Своевременная оплата за газ-обязанность каждого потребителя**

## УВАЖАЕМЫЕ ПОТРЕБИТЕЛИ ГАЗА!

## ДОЛГИ В ХОЛОД НЕ СОГРЕЮТ!




**ОПЛАЧИВАЙТЕ ЗА ГАЗ ВОВРЕМЯ - ДО 10 ЧИСЛА МЕСЯЦА, СЛЕДУЮЩЕГО ЗА ИСТЕКШИМ**

**Поставщик газа на территории Республики Дагестан-«Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает, что оплату за потребленный газ необходимо производить до 10 числа каждого месяца.**

Потребителям, имеющим задолженность за потреблённый газ, необходимо срочно погасить её!

Заплатить за газ без комиссии и очередей, можно дистанционно, используя онлайн сервисы в **«Личном кабинете абонента» на сайте www.mkala-mrg.ru** или скачав мобильное приложение **«Газ ОНЛАЙН»** или **«Мой ГАЗ»** на смартфон.

В «Личном кабинете абонента» содержится информация о предыдущих платежах абонента, а также указана сумма задолженности за газ.

Уважаемые абоненты! Не копите долги и совершайте все расчёты вовремя!

*По всем спорным вопросам расчётов за газ звонить в рабочее время в «Контакт-центр» ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»-по бесплатному номеру* ***8 800 200 98 04.***

# Минпромторг РД приглашает дагестанских бизнесменов начать предпринимательскую деятельность в Запорожской области

Министерство промышленности и торговли Республики Дагестан приглашает отозваться предпринимателей, готовых открыть продовольственные и непродовольственные магазины в Михайловском районе Запорожской области.

Подобное предложение поступило в соответствии с планом мероприятий по реализации Соглашения между Республикой Дагестан и Запорожской областью о торгово-экономическом научно-техническом, социальном и культурном сотрудничестве на 2023-2027 годы.




Администрация Михайловского района в свою очередь заверяет, что окажет полное содействие по данному направлению, в том числе в предоставлении на безвозмездной основе торговых площадок. Кроме того, планируется открытие представительства дагестанских товаропроизводителей в данном районе.

Желающие сотрудничать могут обратиться к начальнику Управления торговли и потребительских рынков Минпромторга РД.

**Э.А. Алиеву по телефону 8 (8722) 67-80-82, либо написать на email: e.aliev@e-dag.ru.**

**Постановлением Правительства Республики Дагестан** от 04.10.20211 г. № 265 приняты меры государственной поддержки субъектов МСП (малого и среднего предпринимательства), оказываемые Министерством промышленности и торговли Республика Дагестан.

С принятыми мерами можно ознакомиться на сайте администрации МР "Казбековский район" (kazbekovskiy.ru).

**БетIерав редактор:**
И.Б.Салимханов
55-48-94
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI. ХIасанова
**Фотокорреспондент:** ГI.ГI. ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 сонаьлуl 15 апрелалда**
Типографияльул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1448

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цIидалги баяназул жаваб авторас кьола**